



# OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

# PATAJE ENFOMASYON SOU SANTE AK MANM FANMI E AK ZANMI

Gen yon lwa federal, ki rele Lwa sou Pòtablite ak Responsablitè nan Asirans Sante an 1996 (Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996, HIPAA), ki mete règleman pou moun k ap bay swen sante ak asirans sante konsènan kiyès ki kapab gade ak resevwa enfòmasyon sou sante w, sa gen ladan moun sa yo ki pi pwòch ou - Manm fanmi w ak zanmi w. Règleman sou Entimite HIPAA a asire l ou genyen dwa sou enfòmasyon sou sante w, sa gen ladan dwa pou jwenn enfòmasyon w yo, asire w li bon, epi konnen kiyès ki te wè l.

## Kisa k ap pase si ou vle pataje enfòmasyon sou sante w avèk yon manm fanmi oswa yon zanmi?

HIPAA egzije pifò doktè, enfimyè, lopital, mezon retrèt, ak lòt moun k ap bay swen sante pou pwoteje entimite sou enfòmasyon sou sante w. Men, si ou pa anpeche sa, yon moun k ap bay swen oswa yon asirans sante kapab pataje enfòmasyon enpòtan avèk manm fanmi oswa zanmi ki enplike nan pran swen w oswa nan peye pou swen sante w nan kèk sikontans.

### Lè yo ka pataje enfòmasyon sou sante w

- Anba kontwòl HIPAA, moun k ap ba w swen an kapab pataje enfòmasyon w yo fas a fas, nan telefòn oswa alekri. Yon moun k ap bay swen oswa asirans sante kapab pataje enfòmasyon enpòtan si:
- Ou bay doktè w oswa asirans ou an pèmisyon pou pataje enfòmasyon an.
- Ou la epi ou pa anpeche yo pataje enfòmasyon an.
- Ou la, epi doktè w we selon jijman pwofesyonèl li, se sa k ap pi bon pou ou.

### Egzanz:

- Yon doktè nan sal ijans kapab pale sou tretman w lan devan zanmi w lè ou mande zanmi w antre nan sal tretman an.
- Lopital ou kapab pale de fakti ou genyen avèk pitit fi w ki avè w epi ki gen kesyon konsènan pri yo, si w pa anpeche sa.
- Doktè w kapab pale de medikaman ou bezwen pran yo avèk moun k ap okipe w ki vin nan randevou a avè w.
- Enfimyè ou pa kapab pale de sitiyasyon ou ak frè w si ou di l pa fè sa.
- HIPAA pèmèt moun k ap bay swen yo tou pou bay preskripsyon medikaman, ekipman medikal, radyografi, ak lòt materyèl sante a yon manm fanmi, yon zanmi, oswa yon lòt moun ou voye al pran yo.

Yon moun k ap bay swen oswa yon asirans sante kapab pataje enfòmasyon enpòtan si ou pa la oswa si ou pa kapab bay pèmisyon lè yon moun k ap bay swen oswa yon reprezantan asirans ou kwè, selon jijman pwofesyonèl yo, pataje enfòmasyon an se sa k ap pi bon pou ou.



### Egzanp:

- Ou te fè yon operasyon ann ijans epi ou toujou pèdi konesans. Chijiryen w lan kapab di madanm ou sitiayson ou, se kapab fas a fas oswa nan telefòn, pandan ou pèdi konesans.
- Doktè ou kapab pale de medikaman w yo ak moun k ap ba w pran ki rele doktè w pou poze l kesyon sou dòz kòrèk medikaman an.
- Yon doktèpakistan di yon zanmi w yon pwoblèm medikal ou te genyen ki pa gen rapò ak sitiayson w kounya.

Pou plis enfòmasyon konsènan pataje enfòmasyon sou sante w ak manm fanmi e ak zanmi, oswa plis enfòmasyon konsènan HIPAA, vizite [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/index.html](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/index.html).



Pou plis enfòmasyon, vizite [www.hhs.gov/ocr](http://www.hhs.gov/ocr).

Biwo Depatman Sante ak Sèvis sosyal  
Ozetazini pou Dwa Sivil (OCR).